



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL RAPLE NOUYÒKÈ YO KONSÈNAN LWA DEPLASMAN SOU KOTE KI ELAJI A POU ENKLI TOUT VEYIKIL KI KANPE SOU OTOWOUT YO

Chofè yo dwe ralanti oswa deplase sou kote pou evite yon aksidan ak nenpòt machin ki anpán oswa ki kanpe

Lwa Deplase sou Kote a pwoteje chofè yo, pyeton yo, travayè otowout yo, ak sekouris ijans yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te raple chofè yo ke Lwa Deplase sou Kote (Move Over Law) New York la pral byento elaji pou l enkli tout veyikil ki pral amelyore sekirite otowout pou tout moun. Apati 27 mas 2024, chofè yo pral oblije pran prekosyon, tankou ralanti ak deplase, pou evite yon aksidan ak tout machin yo kanpe sou wout la.

"Sekirite tout Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, espesyalman moun ki kanpe sou bò wout la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Si w wè w ap pwoche bò kote yon veyikil ki anpán, ralanti epi deplase pi byen ke ou kapab pou ba yo kèk distans."

Soti 2016 rive 2020, 37 moun te mouri deyò machin ki anpán nan New York. Nan nivo nasyonal, prèske 300 chofè frape epi yo mouri bò wout chak ane. Lwa Deplase sou Kote a te adopte pou anpeche trajedi sa yo epi rann wout New York yo vin pi an sekirite pou tout moun.

Lwa a te vin anvigè pou premye fwa an 2010 pou anpeche kolizyon ak machin ijans ki te kanpe sou wout la. Lwa a te elaji plizyè fwa pou kouvri tou veyikil danjere, veyikil travayè otowout yo, ak kamyon remokaj yo. An 2023, Gouvènè Hochul [te siyen yon pwojè lwa](#) pou ranfòse lwa a plis lè li mete pwoteksyon sa a pou tout machin ki kanpe sou wout la. Dapre lwa, lè yon chofè ap pwoche bò kote yon veyikil ki kanpe sou youn nan akotman wout la, yo ta dwe:

- chanje nan yon liy ki pa imedyatman adjasan ak veyikil la, oswa
- ralanti nan yon vitès rezonab si yo pa kapab fè yon chanjman liy san danje.

Jodi a tou, Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) ap lanseyon kanpay sansibilizasyon piblik l ap itilize radyo, rezo sosyal ak lòt

eleman andeyò kay yo pou raple moun yo pral bezwen pou yo "Ralanti, Deplase sou Kote" jan yo kapab lè yo rive sou yon moun ki kanpe sou bò wout la oswa nan yon liy sikilasyon. Dapre Administrasyon Nasyonal Sekirite sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA), tout 50 eta yo gen lwa "Deplase sou Kote" pou pwoteje ofisye fòs lòd yo ak lòt premye sekouris yo, men yon tyè nan Ameriken yo pa okouran de lwa sa yo.

Komisè DMV a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Elajisman Lwa Deplase sou Kote se yon lòt egzanp angajman Eta New York pou fè eta sa a yon kote ki an sekirite pou viv, travay ak vwayaje. Ou pa janm konnen ki lè ou ka bezwen rale sou kote, men lè ou fè sa, nou vle asire w ke ou ka fè sa san ou pa mete tèt ou oswa lòt moun nan danje. Nou chak nou responsab pou jwe wòl pa nou pou anpeche trajedi sou wout nou yo, donk, tanpri swiv lwa. Ralanti epi deplase lè w wè yon lòt machin kanpe."

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, Esq. te deklare, "Ranfòse Lwa Deplase sou Kote a nan elaji pwoteksyon pou tout veyikil ki kanpe sou bò wout la pral ede sove anpil lavi. Lwa a gen entansyon pwoteje otomobilis yo, sekouris ijans yo, pèsonèl Thruway la ak lòt moun k ap ede veyikil ki anpàn yo. Lè w wè nenpòt veyikil ki kanpe sou kote, ralanti epi deplase san danje. Nou remèsye patnè nou yo nan Twoup T nan Polis Eta New York la paske yo fè patwouy sou Thruway la epi kenbe otomobilis yo an sekirite."

Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Elajisman Lwa Deplase sou Kote New York la pou enkli veyikil ki anpàn epi ki kanpe sou wout la se yon bagay ki enpòtan pou atenn objektif eliminasyon moun ki mouri sou wout yo. Avèk 37 moun ki te mouri andeyò veyikil ki anpàn sou wout New York yo nan ane 2016 a 2020, aksyon Gouvènè Hochul te fè pou elaji lwa Deplase sou Kote a pral fondamantalman sove anpil lavi lè yo mete sekirite an premye."

Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Lapolis Eta New York angaje pou l kenbe wout nou yo an sekirite - pou sila yo k ap vwayaje sou yo, ak pou sila yo k ap travay sou yo. Lè nou elaji Lwa Deplase sou Kote a epi nou fè respekte dispozisyon li yo avèk vigè, n ap kapab amelyore pi plis sekirite pou tout moun ki itilize wout nou yo atravè eta a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman li pataje ak angajman fèm li pou amelyore sekirite sou wout New York yo."

Manm Asanble Ken Zebrowski: "Lwa Deplase sou Kote orijinal la se yon mwayen efikas pou anpeche lanmò bò wout yo, epi elaji lwa a pou tout machin ki kanpe oswa anpàn yo se pwochen etap lojik la. Mwen te fyè dèske m te travay avèk Gouvènè a ak kòlèg mwen yo pou m te adopte elajisman sa a epi m te espere wè li rann wout nou yo vin pi an sekirite."

Senatè Lea Webb, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te raple Nouyòkè yo sou Lwa Deplase sou Kote a epi li priyoreze byennèt ak sekirite chofè yo

atravè eta nou an. Lè nou mande pou chofè yo pran prekosyon, redwi vitès, epi chanje liy lè yo ap apwoche veyikil ki kanpe sou wout nou yo, nou ka diminye kantite moun ki mouri ak blesi grav ki rive. Mwen te fyè pou m patwone lejislasyon sa a nan Sena a epi mwen rete angaje pou amelyore sekirite pou tout vwayajè yo."

Vizite sitwèb GTSC a pou jwenn plis enfòmasyon sou [Lwa Deplase sou Kote a](#) ak lòt inisyativ sekirite otowout yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)